

IDANTIFIYAN	PAS1A
Tip Dokiman	Politik
Tip Aplikabilite	UVMH CVMC/PMC/UVMMC
Tit Pwopriyete a	Aksè Pasyan AVP
Tit Responsab ki pou Apwouve a	Vis Prezidan Egzekitif Finans ak CFO
Dat efektif	1/1/2026
Dat Pwochen Revizyon an	1/1/2029



TIT: Pwogram Asistans Finansye – lopital Vermont

OBJEKTIF: Pou etabli yon règleman ak yon pwosedi pou administrasyon Pwogram Asistans Finansye University of Vermont Health pou lopital Vermont yo.

DEKLARASYON POLITIK: University of Vermont Health ("UVMH") se yon òganizasyon ki santre sou pasyan an epi ki angaje pou trete tout pasyan yo yon fason ekitab, avèk diyite ak respè, kèlkeswa avantaj asirans sante pasyan an oswa resous finansye li. Anplis, Patnè Lopital UVMH Vermont yo (defini anba a) angaje pou bay asistans finansye pou moun ki gen bezwen swen sante esansyèl epi ki pa gen asirans, ki pa gen ase asirans, ki pa kalifye pou yon pwogram gouvènman an, oswa ki pa kapab peye swen medikalman nesèsè dapre sityasyon finansye endividyèl yo. Ann akò ak misyon li pou bay sèvis swen sante ki gen konpasyon, ki gen bon kalite epi ki abòdab, epi pou ranpli obligasyon nou antanke yon òganizasyon san bi likratif, UVMH fè tout sa li kapab pou asire kapasite finansye moun ki bezwen sèvis swen sante yo pa anpeche yo chèche oswa resevwa swen.

Asistans finansye pa ranplase responsablite pèsònèl. Pasyan yo dwe kolabore ak pwosedi Patnè Lopital Vermont UVMH yo pou jwenn lòt fòm pèman oswa asistans finansye, epi pou kontribye nan pri swen yo selon kapasite endividyèl yo pou peye. Yo dwe ankouraje moun ki gen kapasite finansye pou achte asirans sante pou yo fè sa, kòm yon mwayen pou asire aksè ak sèvis swen sante, pou sante pèsònèl yo an jeneral, ak pou pwoteksyon byen endividyèl yo.

Pou jere resous yo yon fason responsab epi pou pèmèt UVMH bay nivo asistans ki apwopriye ak pi gwo kantite moun ki nan bezwen, yo etabli règleman ak pwosedi sa yo pou bay pasyan yo asistans finansye.

Règleman an aplike pou Lopital Jeneral pou Pasyan ki Entèn ak Depatman Lopital pou Pasyan ki pa Entèn nan Lopital Patnè UVMH Vermont sa yo:

Central Vermont Medical Center
130 Fisher Road
Berlin, VT 05602

Porter Medical Center
115 Porter Drive
Middlebury, VT 05753

The University of Vermont Medical Center
111 Colchester Avenue
Burlington, VT 05401

PWOSEDI YO:

Asistans Finansye

Elijibilite pou Sèvis Swen Sante:

Sèvis sa yo kalifye pou asistans finansye:

- Sèvis medikal an ijans yo bay nan yon sal ijans epi
- Sèvis swen sante ki nesèsè medikalman, tankou sèvis ijans pou yon maladi ki ta ka lakoz yon chanjman danjere nan eta sante yon moun si li pa trete rapidman.

Sèvis ki pa kalifye pou asistans finansye yo gen ladan yo, men yo pa limite ak:

- Sèvis kosmetik/plastik;
- Sèvis pou enfètilite/fètilite (pa egzanp, IVF, vazektomi/ranvèsman, ligasyon/ranvèsman twonp);
- Swen ki pa nesèsè medikalman, gen ladan swen gad kote pa gen nesèsite pou ospitalizasyon egi;
- Sèvis ki kouvri anba yon règleman mondyal (pa egzanp, rabè ki deja aplike);
- Sèvis rechèch/eksperimantal;

- Swen pou sitwayen ki pa sitwayen ameriken ki Ozetazini anba yon viza vwayaj/vizitè etranje; *sof si* (i) swen sa a bay nan yon sal ijans; oubyen (ii) sitwayen ki pa sitwayen ameriken sa a ap viv oswa ap travay nan Vermont nan moman yo bay swen sa a;
- Sèvis yo te bay nan Appletree Bay; epi
- Sèvis yon konpayi asirans oswa yon twazyèm pati ranbouse dirèkteman bay pasyan an

Kouvèti Pratisyen: Tout pratikan medikal ki anplwaye UVMH k ap bay swen nan Patnè Lopital UVMH Vermont yo ak nan klinik doktè yo kouvri anba règleman sa a. Yon lis ajou sou pratikan ki kalifye yo disponib sou chak sit entènèt lopital ki aplikab, ou ka jwenn lyen pou ale nan seksyon enfòmasyon kontak pwogram nan nan règleman sa a. Pou mande yon kopi lis la sou papyè, gratis, tanpri kontakte Depatman Sèvis Kliyan nou an nan 802-847-8000 oswa 800-639-2719.

Kouvèti Lopital: Tout sèvis kalifye yo bay oswa kòmande nan Patnè Lopital UVMH Vermont yo kèlkeswa sityasyon doktè yo, kit se anplwaye oswa pa anplwaye. *Remak:* Dispozisyon sa a konsène sèlman bòdwo lopital/etablisman yo; gade kouvèti pratikan yo pou detèmine si bòdwo doktè a ap kouvri.

Elijibilite Finansye: Y ap konsidere kalifikasyon pou asistans finansye pou moun ki pa gen asirans, ki pa gen ase asirans, ki pa kalifye pou okenn pwogram avantaj swen sante gouvènman an, oswa ki pa kapab peye pou swen yo a, dapre yon detèminasyon bezwen finansye an akò avèk règleman sa a. Yo ap akòde asistans lan sou baz yon detèminasyon endividyèl sou bezwen finansye epi li pral kondisyonè dapre Kritè Rezidans ki defini anba a, men li p ap pran an konsiderasyon laj, ras, koulè, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, eta sivil, relijyon, zansèt, orijin nasyonal, sitwayènte, sityasyon imigrasyon, lang prensipal, andikap, kondisyon medikal, oswa enfòmasyon jenetik.

Eksepte nan ka Endijans Medikal Katastwofik (jan yo defini l anba a), kalifikasyon pou asistans finansye baze sou yon tès revni ak yon tès byen. Yon pasyan dwe reyisi toude tès yo pou l kalifye pou asistans finansye.

- Tès Revni: Yon pasyan ki gen yon revni kay, detèmine dapre 18 V.S.A. § 9481(5), ki nan oswa anba 400% nan Gid Nivo Povrete Federal la (FPLG) ka pase tès revni an.
 - Moun ki sou kont ou ki gen 18 lane oswa plis ka antre nan gwosè kay la lè yo nan lis moun ki sou kont ou sou deklarasyon taks federal sou revni an.
 - Travayè migran ki gen manm fanmi dirèk (mari oswa madanm ak pitit biyolojik/adoptif) ki abite deyò peyi a ap antre nan gwosè kay la.
- Tès byen: Chak moun/kay gen dwa gen byen likid ki egal ak nivo revni yo a 400% nan FPL la, ajiste selon gwosè kay la. Si byen likid yo anba gid sa a, pasyan an pase tès byen yo.
 - Byen likid se byen ki ka konvèti an lajan kach san yo pa sibi gwo penalite, epi yo gen ladan yo men yo pa limite ak: kont chèk, kont epay, oswa kont mache monetè; kont koutye ki pa kalifye;
 - Byen likid yo espesyalman *eskli* rezidans prensipal kay la, nenpòt kont retrèt kalifye (pa egzanp, 401(k), IRA, elatriye), plan pansyon, ak kont epay 529, pwopriyete segondè ak tè. Yo p ap konsidere byen sa yo pou detèmine si yon moun kalifye pou asistans finansye.
- Endijans Medikal Katastwofik: Pou pasyan ki gen revni nan kay ki detèmine an akò avèk 18 V.S.A. § 9481(5), nan oswa anba 600% FPLG, epi ki gen yon bòdwo lopital ki soti nan pòch li depase 20% nan revni kay la; UVMH dwe diminye montan pasyan an dwe a 20% nan revni kay la oswa \$10,000, dapre sa ki pi piti a.

Kritè Rezidans: Pasyan yo dwe rete nan zòn sèvis UVMH lan sof si sèvis medikal yo te ijan oswa yo dwe bay yo an ijans. Sèvis pwograme pou pasyan k ap viv andeyò zòn sèvis UVMH lan pa kalifye pou asistans finansye. Yo pral akòde asistans finansye pou rezidan ki andeyò zòn sèvis UVMH nan sèlman nan sikonsans espesyal epi ak apwobasyon apwopriye.

Zòn sèvis UVMH lan defini kòm: tout konte Vermont yo, kèk nan konte New York yo (Clinton, Essex, Franklin, Washington, Hamilton, Warren, ak St. Lawrence) epi kèk nan konte New Hampshire pou laboratwa referans lan (konte Coos, Grafton, ak Sullivan).

- Moun ki abite Vermont yo ap viv nan Vermont, yo anplwaye pa yon patwon Vermont pou bay sèvis nan Vermont oswa ale lekòl nan Vermont, oubyen yon konbinezon nan sa yo. Tèm nan gen ladan l yon moun k ap viv nan Vermont nan moman sèvis yo ap bay la men ki pa gen yon lojman pèmanan ki estab.

- Moun ki abite nan New York dwe rete nan zòn sèvis nou an plis pase 6 mwa pa ane pou yo satisfè egzijans rezidans lan.

Prèz rezidans lan ka etabli pa nenpòt nan bagay sa yo:

- Dènye deklarasyon taks sou revni federal ki montre adrès yon zòn sèvis;
- Lisans chofè zòn sèvis la, bòdwo lojman ki gen adrès zòn sèvis la, kontra lokasyon pwopriyete zòn sèvis la oswa yon bòdwo sèvis piblik zòn sèvis la, kopi kontra travayè migran an oswa lèt kontra travay patwon an bay la;
- Fichye pèman travay Vermont, prèz enskripsyon lekòl, oswa dokiman ekri ki soti nan Klinik Pòt Ouvèt (Open-Door Clinic) la; oubyen
- Yon deklarasyon alekri epi siyen ki soti nan men pasyan an (oswa responsab legal la oswa moun k ap bay swen an, selon ka a) ki endike pasyan an t ap viv nan Vermont men li pa t gen yon lojman ki estab lè yo te bay sèvis sa yo.

Asirans Sante ak Pèman Responsablite: Sèvis yo bay nan yon Lopital Patnè UVMH Vermont yo pral faktire sou kouvèti prensipal pasyan an, yon asirans medikal prive, yon plan sante okipasyonèl patwon an, konpansasyon travayè yo, oswa yon pèman med pay/konpayi asirans ki gen responsablite twazyèm pati ki annatant. Nan ka kote gen yon potansyèl pèman ki gen rapò ak yon aksidan machin/blezi annatant nan yon dat k ap vini, UVMH ap depoze yon garanti pou pwoteje enterè finansye li yo, sof pou moun ki kouvri anba Medicare/Medicaid. Aprè yo fin depoze garanti a, yo ka akòde asistans finansye, si pasyan an kalifye. Si gen yon lè nan lavni yo distribye pèman responsablite yo, privilèj UVMH nan ap pèmèt UVMH rekipere yon pati oswa tout asistans finansye yo te bay pasyan an okòmansman an.

Kritè pou Pwogram Swen Sante Piblik/Echanj Swen Sante: Pasyan k ap aplike pou pwogram asistans finansye UVMH Vermont Hospital Partner yo ap evalye pou wè si yo kalifye pou pwogram swen sante eta oswa federal epi yo ankouraje yo pou yo aplike pou asirans sante. Eksepte imigran san papye yo, pasyan yo idantifye kòm kandida pou potansyèl kalifikasyon nan Medicare oswa Medicaid, yon aplikasyon ak konfòmite avèk direktiv pwogram sa yo se yon prerekizasyon pou pwogram asistans finansye UVMH lan.

Eksklizyon:

- Pasyan ki tonbe anba eksklizyon ACT119 yo p ap wè rabè yo redwi sou baz sa a
- Rezidan Vermont ki kalifye pou Medicaid yo oblije chèche asirans sèlman si revni yo anba direktiv maksimòm Medicaid yo.
- Si yon imigran san papye refize aplike pou pwogram piblik yo, sa pa yon rezon pou refize l asistans finansye.
- Si yon rezidan Vermont pa vle achte asirans sante prive oswa echanj sa pa dwe yon rezon pou refize ba li asistans finansye.
- Pasyan ki gen yon sistèm kwayans relijye oswa kiltirèl ki entèdi yo chèche oswa resevwa asistans finansye nan men yon antite gouvènman an ka eskli nan kritè pwogram swen sante piblik la. Men, pasyan an ap oblije pran yon pòsyon responsablite finansye Komite Apèl Pwogram Asistans Finansye a ak CFO a pral evalye.

Detèminasyon Bezwen Finansye: Y ap detèmine bezwen finansye a dapre pwosedi ki enplike yon evalyasyon endividyèl ki ap gen ladan sa ki annapre yo:

- Yon pwosesis aplikasyon, kote pasyan an oswa moun ki garan pasyan an oblije kolabore epi bay enfòmasyon pèsònèl, finansye ak lòt enfòmasyon ak dokiman ki enpòtan pou detèmine bezwen finansye a;
- Yon revizyon sous done ekstèn ki disponib piblikman ki bay enfòmasyon sou kapasite yon pasyan oswa yon garan pasyan pou peye;
- Efò rezonab UVMH fè pou chèche lòt sous pèman ak kouvèti ki apwopriye nan pwogram pèman piblik ak prive, epi, kote sa aplikab, pou ede pasyan an aplike pou pwogram sa yo;
- Pran an konsiderasyon byen likid pasyan an ki disponib, ak tout lòt resous finansye ki disponib pou pasyan an; epi
- Yon revizyon sou kont UVMH pasyan an ki poko peye pou sèvis kalifye yo te rann anvan yo.

Nan ka Asistans Finansye Prezime, jan sa dekri anba a, pwosesis aplikasyon an ka modifiye dapre sa UVMH deside.

Li pi preferab, men li pa obligatwa, pou yon demann pou asistans finansye ak yon detèminasyon sou bezwen finansye fèt anvan yo bay sèvis yo. Yon pasyan dwe gen yon balans aktyèl li dwe yon Patnè Lopital UVMH Vermont, yon atant yon kont ki annatant asirans kounye a ap kite yon balans ki dwe yon Patnè Lopital UVMH Vermont, oubyen yon sèvis pwograme/referans nan lavni pou yon Patnè Lopital UVMH Vermont ki espere kite yon balans pasyan.

Elijibilite pou Asistans Finansye Prezime: Gen ka kote yon pasyan ka parèt kalifye pou asistans, men, pa gen okenn aplikasyon pou asistans finansye nan dosye a akòz mank dokiman ki jistifye sa. Souvan gen ase enfòmasyon pasyan an bay oswa atravè lòt sous ki ta ka bay ase prèv pou bay pasyan an asistans finansye.

Yo ka detèmine kalifikasyon prezime a dapre sikonstans lavi endividyèl la, ki ka gen ladan:

- Elijibilite pou lòt pwogram asistans eta oswa lokal ki pa finanse (pa egzant, Medicaid)
- Elijibilite pou Pwogram Asistans Nitrisyonèl Siplemanè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP)
- Patisipasyon nan pwogram pou Fanm, Ti Bebe ak Timoun (Women, Infants and Children programs, WIC)
- Pasyan an nan prizon/li nan gadavi epi balans li pa kouvri pa asirans lan
- Pasyan an pa gen kay pou l rete

Yo ap ajiste kalifikasyon prezime a selon yon kòd tranzaksyon/pèman espesifik pou asire yo pa antre dola sa yo nan Rapò Pri Medicare la.

Peryòd Aplikasyon: UVMH ap trete aplikasyon konplè moun yo soumèt nenpòt ki lè pandan pwosesis koleksyon an.

Delè pou Pwosesis Aplikasyon yo: Nan espas 30 jou sivil aprè yo fin resevwa yon aplikasyon pou asistans finansye, UVMH ap avize pasyan an alekri si aplikasyon an apwouve oswa refize oubyen, si aplikasyon an pa konplè, ki enfòmasyon ki nesèsè pou konplete aplikasyon an. Si yo mande plis enfòmasyon, ou dwe retounen yo nan espas 30 jou aprè yo fin fè demann lan, sinon y ap fèmen aplikasyon an paske li pa konfòm. Si UVMH refize aplikasyon pasyan an, notifikasyon alekri a ap gen ladan rezon reyèl ki fè yo refize l la. Si UVMH apwouve aplikasyon pou asistans finansye a, UVMH ap bay pasyan an yon kalkil asistans finansye li te akòde a ansanm ak yon bòdwo revize.

Si UVMH refize aplikasyon pou asistans finansye a, pasyan an ka soumèt yon apèl nan espas 60 jou aprè li fin resevwa desizyon UVMH nan. UVMH ap avize pasyan an si li apwouve oswa li refize apèl pasyan an nan espas 60 jou aprè li fin resevwa apèl la.

Peryòd Elijibilite pou Asistans Finansye: Yo dwe re-evalye bezwen pou asistans finansye chak fwa pasyan an resevwa sèvis si dènye evalyasyon finansye a te fèt plis pase sis mwa anvan, oubyen nenpòt ki lè yo vin konnen plis enfòmasyon ki enpòtan sou kalifikasyon pasyan an pou jwenn asistans. Re-evalyasyon pasyan ki andikape oswa ki gen plis pase 64 lane epi ki gen revni fiks anba 400% FPLG dwe fèt chak ane. Re-evalyasyon anplwaye UVMH aplentan ak a tan pasyèl ki gen revni anba 400% FPLG a dwe fèt chak ane. Se responsablite pasyan an pou l avize UVMH sou chanjman finansye pandan peryòd prim lan.

Gid pou Asistans Finansye: Kantite asistans yo bay yon pasyan ki kalifye ap varye selon nivo revni li. Pou pasyan ki kalifye ki pa gen asirans, prim lan ap baze sou yon rabè sou kantite lajan yo faktire jeneralman ("AGB") pou sèvis yo resevwa yo. Pou pasyan ki kalifye epi ki gen asirans, prim lan ap baze sou yon rabè sou depans pasyan an dwe fè. Nan okenn ka, yo pa dwe fè yon pasyan ki kalifye peye plis pase AGB pou swen ijans oswa lòt swen medikalman nesèsè, aprè tout dediksyon, rabè (ki gen ladan rabè anba règleman sa a), ak ranbousman asirans.

Montan jeneralman faktire a, oswa AGB, vle di montan UVMH jeneralman faktire bay moun ki gen asirans ki kouvri menm swen an, detèmine lè l sèvi ak "metòd retwospektiv" ki tabli nan 26 C.F.R. § 1.501(r)-5(b)(3). Ou ka jwenn yon kopi kalkil ak pousantaj AGB a, ki mete ajou chak ane, alekri epi gratis lè w vizite sit entènèt nou an oswa lè w rele depatman sèvis kliyan nou an. Ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte sit entènèt la ak nimewo telefòn nan seksyon enfòmasyon pou kontakte pwogram nan nan règleman sa a.

Prim Asistans:

- Pasyan ki kalifye yo ap resevwa swen gratis (yon rabè 100% sou balans yo peye poukont yo) lè revni brit ajiste modifiye kay yo a egal oswa anba 250% nan nivo povrete federal la (FPLG).
- Pasyan ki kalifye san asirans ki gen yon revni brit ajiste modifiye nan kay la ant 250% ak 400% nan FPLG la ap resevwa yon rabè 40% anplis sou kantite lajan yo jeneralman faktire pou sèvis yo resevwa yo.
- Pasyan ki kalifye ki gen asirans oswa lòt kouvèti pou sèvis yo bay yo epi ki gen yon revni nan kay la ant 250% ak 400% nan FPLG la ap resevwa yon rabè 40% adisyonèl sou depans pasyan an dwe fè, aprè pèman asirans lan oswa pèman ki soti nan lòt kouvèti.

Pwosesis Aplikasyon Apwouve: Lè aplikasyon an apwouve, yo aplike prim pasyan an sou tout balans ki ouvè (sa vle di, lopital ak doktè, chaj brit pou moun ki pa gen asirans ak balans aprè asirans pou moun ki gen asirans lan) epi li pwolonje pou yon

peryòd kouvèti sis mwa oswa douz mwa, jan sa endike pi wo a, kote revni an fiks nan ane sivil la. Peryòd kouvèti a kòmanse nan dat apwobasyon an epi li pwolonje jiska dènye jou nan mwa prim lan ekspire a. Lè peryòd sibvansyon an ekspire, pasyan yo ap oblije fè yon nouvo aplikasyon pou asistans finansye, epi selon sitiyasyon finansye yo, yo ka ajiste kategori sibvansyon yo a.

Ranbousman: Si pasyan an soumèt yon aplikasyon asistans finansye konplè epi yo detèmine li kalifye pou asistans finansye, UVMH ap ranbouse nenpòt montan anplis pasyan an te peye pou swen li nan espas 240 jou anvan yo resevwa yon aplikasyon konplè. Pèman ki fèt deyò peryòd 240 jou aplikasyon an p ap kalifye pou yon ranbousman.

Apèl/Revizyon Ka Endividyèl: UVMH rekonèt sikonstans atennan ka egziste kote revni yon moun ka depase gid kalifikasyon pwogram nan oswa kote difikilte toujou egziste ak sibvansyon apwouve a. Pasyan yo gen 60 jou aprè yo fin resevwa yon desizyon asistans finansye alekri pou yo fè apèl kont desizyon an. UVMH ap enfòmasyon pasyan an, pa pita pase 60 jou aprè li fin resevwa apèl la, si yo te apwouve oswa refize apèl la.

Yo ap reyini yon komite apèl multidisiplinè pou egzamine apèl yo, ansanm ak ka katastwofik oswa dwòl ki pa satisfè direktiv pwogram nan etabli men ki prezante difikilte dwòl. Komite a pral egzamine ka yo epi bay yon rekòmandasyon bay CFO a. CFO a se moun ki pran desizyon final la.

Kote neseste medikal la pa klè, ka yo pral prezante bay Ofisye Medikal Anchèf la oswa moun li deziyen an pou yon desizyon konsènan neseste medikal sèvis yo bay yo. Si sèvis yo jije neseste medikaman epi si yo satisfè règleman kalifikasyon pou asistans finansye, y ap akòde asistans lan.

Peryòd Notifikasyon: UVMH ap fè efò rezonab pou avize pasyan yo sou pwogram asistans finansye a. Peryòd sa a kòmanse nan dat yo prezante yon deklarasyon fakti pou balans swen pasyan an epi li fini 180 jou aprè. Jan sa defini nan règleman sa a, plizyè metòd notifikasyon fèt anvan swen an, pandan swen an epi pandan tout sik faktirasyon 180 jou a.

Si nan fen peryòd notifikasyon 180 jou a, yo te refere yon kont bay yon ajans koleksyon epi yo resevwa yon aplikasyon pou asistans finansye, y ap retire kont lan nan ajans lan epi trete yo anba pwogram asistans finansye a.

Lèt Aplikasyon ak Prim: An akò avèk règleman ACT119 yo, eleman done sa yo pral parèt nan dokiman ekri pou pasyan yo.

- Pou aplikasyon ki pa konplè, lèt yo ap avize pasyan an sou enfòmasyon ki neseste pou ranpli aplikasyon an.
- Apwobasyon yo ap gen ladan montan asistans lan, baz pou kalkil montan ki dwe a, epi apre sa yon bòdwo ki ajou pou nenpòt balans nan pwochen sik bòdwo a, ak referans a plan bidjè ki pa depase senk pousan nan revni brit masyèl pasyan an.
- Refi yo ap gen ladan rezon refi a ansanm ak enfòmasyon sou kijan pou fè apèl kont desizyon an

Efò Rezonab: Y ap fè tout efò rezonab pou detèmine si yon pasyan kalifye pou asistans finansye anvan transfè balans lan bay koleksyon yo. Efò rezonab yo ka gen ladan yo itilizasyon nòt prezime, notifikasyon ak tretman aplikasyon yo epi notifikasyon anvan, pandan ak apre swen an.

- UVMH pa dwe inisye okenn aksyon koleksyon ekstra-òdinè (ECA).
- Y ap trete aplikasyon ki pa konplè yo epi y ap notifiye pasyan yo pou ba yo direksyon sou kijan pou yo ranpli aplikasyon an byen ak/oswa ki lòt dokiman ki neseste, ansanm ak yon delè 30 jou pou reponn demann UVMH nan
- UVMH ap trete aplikasyon konplè yo nan espas 30 jou apre yo fin resevwa yo

Patnè University of Vermont Health yo: Pasyan yo ka soumèt yon sèl aplikasyon pou asistans nan nenpòt Patnè UVMH Vermont ki mansyone nan règleman sa a. Selon varyasyon ki genyen nan lalwa eta a, fòk ou pwodui aplikasyon separe pou Patnè UVMH New York yo. Chak Patnè ap bay asistans nan nivo prim FPLG ki apwopriye pou enstitisyon endividyèl la, ki baze sou kalkil AGB inik ki tabli pou òganizasyon an. Òganizasyon k ap trete aplikasyon an ap konsève dokiman sipò yo, men, y ap mete yo disponib pou òganizasyon patnè a jan sa neseste pou fasilite fonksyon odit yo.

Kominikasyon Pwogram Asistans Finansye a bay Pasyan yo ak Piblik la: UVMH ka bay notifikasyon konsènan asistans finansye, ki dwe gen ladan yon nimewo kontak, epi UVMH dwe pataje notifikasyon sa yo pa plizyè mwayen, ki ka gen ladan, men ki pa limite ak:

- Referans pou pwogram asistans finansye ki enprime sou chak deklarasyon pasyan.

- Afiche avi nan sal ijans, depatman admisyon ak anrejistreman, ak biwo sèvis finansye pasyan ki sitiye sou kanpis etablisman an; ou ka jwenn afich byen vizib nan prensipal depatman anrejistreman ak ijans yo.
- Bay yon kopi rezime règleman an nan langaj ki senp lè w ap enskri sou kanpis etablisman an epi rann rezime a disponib nan klinik satelit nou yo. Bay kopi règleman an ak aplikasyon an sou demann.
- Pou pasyan ki entèn lopital, pasyan ki nan obsèvasyon ak pasyan ki rete pou yon ti tan, y ap bay yon kopi gid pou pasyan entèn lopital la, ki gen ladan enfòmasyon konsènan pwogram asistans finansye a.
- Enfòmasyon yo dwe disponib sou sit wèb UVMH nan, tankou règleman an, yon rezime nan langaj senp, aplikasyon an, FAQ yo, direktiv FPLG yo ak enfòmasyon pou kontakte pou asistans suivi.
- Nenpòt manm pèsònèl UVMH oswa pèsònèl medikal la ka refere pasyan pou asistans finansye, tankou doktè, enfimye, konseye finansye, travayè sosyal, responsab dosye, omonye, ak parenn relijye. Pasyan an oswa yon manm fanmi, yon zanmi pwòch, oswa yon asosye pasyan an ka fè yon demann pou asistans finansye, dapre lwa sou vi prive ki aplikab yo.
- Yo ap bay tradiksyon pou moun ki pa pale anglè byen pou popilasyon ki gen plis pase 1,000 moun oswa 5% nan kominote zòn sèvis la. Anplis, tradiksyon UVMH Vermont Partners yo dwe gen ladan 14 lang prensipal yo idantifye nan Rapò Aksè Lang 2023 Biwo Egalite Rasyal Vermont lan. Tradiksyon ekri yo disponib sou sit wèb piblik nou an oswa sou demann nan nenpòt kote enskripsyon. Ou ka jwenn tradiksyon oral lè w kontakte Depatman Sèvis Kliyan an ak/oswa lè w rankontre ak yon konseye finansye nan kanpis prensipal lopital nou an. Enfòmasyon kontak yo parèt anba a.
- Pasyan ki bezwen yon kopi tradui ak/oswa asistans pou ranpli aplikasyon an ap jwenn asistans nan men defansè finansye ak/oswa reprezantan sèvis kliyan, ki pral jwenn sèvis yon entèprèt ki apwopriye.
- Ou ka jwenn enfòmasyon, kat afich ak feyè nan biwo Amelyorasyon Sante Kominote a, kote anplwaye yo abitye kominike avèk sant kominote yo epi defann enterè pou pataje enfòmasyon ak pwogram ki disponib pou piblik la.
- Règleman yo, aplikasyon yo, lis pratikan yo ak kopi rezime nan langaj senp lan disponib gratis, sou entènèt, oswa an pèsòn nan adrès kontak ki nan lis anba a.

Kijan pou Aplike pou Asistans Finansye: Pasyan k ap chèche asistans finansye ta dwe ranpli epi soumèt yon fòmilè aplikasyon, ki gen ladan tout dokiman ki nesèse yo. Aplikasyon yo dwe genyen siyati aplikan an oswa siyati yon reprezantan k ap aji nan non aplikan an (sa vle di, yon avoka). Siyati a endike presizyon done yo soumèt yo, ansanm ak konfimasyon revni aktyèl la rete jan li parèt nan fòmilè deklarasyon taks sou revni federal la. Voye aplikasyon w lan konplètman ranpli, ansanm ak dokiman ki sipòte yo, nan adrès sa a:

UVMH Patient Access Department
40 IDX Drive, Bldg. 200-22052
111 Colchester Avenue, Burlington, VT 05401

Rezime Enfòmasyon pou Kontakte Pwogram nan: Règleman yo, aplikasyon yo, lis pratikan yo, rezime an langaj senp ak asistans an pèsòn yo ofri gratis epi ou ka jwenn yo atravè:

- University of Vermont Medical Center
 - Sit wèb: <http://UVMHealth.org/medcenter>
 - Sèvis Kliyantèl: (802) 847-8000 oswa (800) 639-2719
 - Defans Finansye: (802) 847-1122 oubyen pou asistans an pèsòn, UVMHC, 111 Colchester Avenue, Burlington, VT 05401
 - Pwogram Asistans Sante: (802) 847-6984 oubyen nimewo gratis (888) 739-5183
 - Faks: (802) 847-9332
 - Biwo enskripsyon nan tout kote yo

Kouvèti lis founisè yo: <https://www.UVMHealth.org/medcenter/patients-and-visitors/billing-insurance-and-registration/financial-assistance>

- Porter Medical Center:
 - Sit wèb: <http://www.portermedical.org>
 - Sèvis Kliyantèl: (802) 847-8000 oswa (800) 639-2719
 - Pasyan yo ka rele (802) 388-8808 opsyon 5, Lendi jiska Vandredi, 7:30 am – 4:00 pm
 - Defans Finansye nan 23 Pond Lane, Middlebury VT 05753
 - Biwo enskripsyon nan tout kote yo
 - Kouvèti lis founisè yo: <http://www.portermedical.org>
- Central Vermont Medical Center:
 - Sèvis Kliyantèl: (802) 847-8000 oubyen (800) 639-2719 oubyen (802) 371-4600 opsyon 1, opsyon 1

- Defans Finansye: 3 Home Farm Way, Montpelier, VT 05602
- Sit wèb: <https://www.cvmc.org/patients-visitors/patient-financial-services/financial-assistance>
- Biwo enskripsyon nan tout kote yo
- Kouvèti lis founisè yo: <https://www.cvmc.org/patients-visitors/patient-financial-services/financial-assistance>

Relasyon ak Règleman Koleksyon yo: Jesyon UVMH dwe devlope règleman ak pwosedi pou pratik koleksyon entèn ak ekstèn ki pran an kont mezi kote pasyan an kalifye pou asistans finansye, efò bon lafwa yon pasyan pou aplike pou yon pwogram gouvènman an oswa pou asistans finansye nan men UVMH, ak efò bon lafwa yon pasyan pou konfòme li avèk akò pèman li yo ak UVMH. Pou pasyan ki kalifye pou asistans finansye epi k ap kolabore ak bon lafwa pou rezoud bòdwo lopital yo, UVMH ka ofri plan pèman pwolonje bay pasyan ki kalifye yo.

Remak: UVMH p ap angaje l nan aksyon koleksyon ekstra-òdinè (ECA). ECA defini kòm vann det yon moun bay yon lòt pati, rapòte enfòmasyon negatif sou moun nan bay ajans rapò kredi konsomatè oswa biwo kredi, ranvwaye, refize oswa egzije pèman anvan yo bay swen medikalman nesèsè akòz yon moun ki pa peye youn oswa plizyè bòdwo pou swen ki te deja bay anba FAP la, ak/oswa sèten aksyon ki mande yon pwosesis legal oswa jidisyè. Ou ka jwenn yon kopi règleman Kredi ak Koleksyon UVMH lè w kontakte Depatman Sèvis Kliyan an nan (802) 847-8000 oswa (800) 639-2719. Ou ka jwenn yon kopi tou nan nenpòt kote enskripsyon nan UVMH.

Konfidansyalite/Konsèvasyon Dokiman: Tout enfòmasyon ki gen rapò ak aplikasyon pou asistans finansye yo ap rete konfidansyèl. Y ap konsève aplikasyon pou asistans finansye yo ak dokiman ki sipòte yo pandan sèt ane apati dat apwobasyon oswa refi a pou pèmèt yo rekipere yo, egzamine yo epi fè odit pita.

Nivo Otorizasyon Ajisteman Asistans Finansye: Yo ap suiv nivo apwobasyon sa yo anvan yo ka ajiste chaj yo sou kont yon pasyan endividyèl anba Pwogram Asistans Finansye Pasyan an:

\$1 - \$20,000	Espesyalis Pwogram Asistans Finansye
\$20,001 – \$50,000	Manadjè
\$50,001 - \$ 150,000	Direktè/AVP
>\$150,001	CFO
Komite Apèl yo	CFO

Egzijans Regilasyon yo: Nan aplikasyon règleman sa a, jesyon ak enstalasyon UVMH yo dwe konfòme yo avèk tout lòt lwa, règ ak règleman federal, eta ak lokal ki ka aplike nan aktivite ki fèt dapre règleman sa a.

Konsèvasyon Dokiman: Y ap eskane aplikasyon konplè pou Pwogram Asistans Finansye a epi konsève yo nan dosye sante elektwonik la pou yon peryòd minimòm sèt lane apre dat yo te apwouve oswa refize aplikasyon an.

Plan Siveyans: Yo ap kontwòle konfòmite avèk règleman sa a atravè yon revizyon anyèl sou aplikasyon Pwogram Asistans Finansye yo ak desizyon sou sibvansyon/refi. Ap gen odit ponktyèl nan depatman an chak twa mwa, epi y ap revize rapò rezilta yo chak mwa.

Definisyon: Pou rezon règleman sa a, tèms ki anba yo defini nan fason sa a:

- **AGB:** Montan yo jeneralman faktire konpayi asirans yo pou sèvis yo bay.
- **Move Dèt:** Frè yon pasyan fè ki, dapre enfòmasyon finansye ki disponib yo, sanble gen resous finansye pou peye sèvis swen sante yo fè l peye yo, men ki demontre pa aksyon li yo yon mank volonte pou peye bòdwo a.
- **Endijans Katastwofik/Medikil:** Gen ka kote moun pa kapab jwenn aksè ak swen medikal apwopriye san yo pa prive tèt yo ak moun ki sou kont yo de manje, rad, lojman ak lòt bagay esansyèl pou viv. Anjeneral, yo konsidere yon pasyan kòm endijan medikalman si balans yon bòdwo lopital depase 20% nan revni brit ajiste modifiye anyèl kay moun nan, epi li pa kapab peye tout oswa yon pòsyon balans bòdwo a akòz yon maladi oswa yon aksidan katastwofik.
- **Fanmi:** Yon gwoup ki genyen de moun oswa plis k ap viv ansanm, epi ki gen relasyon pa nesans, maryaj, oswa adopsyon.
- **Frè Brit:** Total chaj yo nan pousantaj konplè etabli yo anvan yo aplike dediksyon yo.
- **Revni Kay la:** Yo kalkile revni an dapre metodoloji finansye yo pou detèmine kalifikasyon pou kredi taks sou prim davans, pa egzansp, MAGI (revni brit ajiste modifiye).

- Gen ladan salè, konpansasyon chomaj, sekirite sosyal, revni pansyon oswa retrèt, enterè, dividand, lwaye, dwa otè, revni ki soti nan byen imobilye, fon fidisyè, ak lòt sous divès
- Gen ladan l pwofi oswa pèt kapital
- Si yon moun ap viv ak yon fanmi/patnè domestik, li gen ladan revni tout manm fanmi ki kalifye yo
- Li pa gen ladan kontribisyon anvan taks tankou sa yo ki pou gadri, depasman, asirans sante patwone pa anplwayè, kont depans fleksib ak plan retrèt tankou 401K ak 403b
- Li pa gen ladan konpansasyon travayè yo
- Li pa gen ladan SSI (revni sekirite siplemantè)
- Li pa gen ladan revni ki soti nan sipò pou timoun
- Li pa gen ladan avantaj lajan kach (tankou Reach Up, Asistans Ijans/Jeneral
- Li pa gen ladan avantaj ki pa lajan kach (tankou avantaj SNAP ak sibvansyon lojman)
- **Gwosè Kay la:** Pasyan, mari oswa madanm, pitit, patnè domestik, ak nenpòt moun ki konsidere kòm yon moun ki depann de youn nan patnè yo pou rezon taks sou revni federal, dwe trete kòm manm nan menm kay la. Patnè domestik yo defini kòm moun ki pa gen rapò/ki pa marye k ap pataje yon kay ki nan yon relasyon entim ak angaje ki legalman pa defini kòm maryaj.
 - Li pa gen ladan moun marye ki ap viv separeman pandan divòs, kèlkeswa deklarasyon taks sou revni federal la. Sa yo se kay separe.
 - Toude paran yo ka reklame timoun k ap viv anba yon akò gad pataje kòm moun ki sou kont yo si akò gad la endike toude paran yo bay menm sipò finansye a.
- **Verifikasyon Revni: Ka gen ladan men pa limite ak:**
 - Yon kopi dènye deklarasyon taks la se prensipal faktè pou verifye revni
 - Olye de dènye deklarasyon taks sou revni federal la:
 - Kopi de dènye fichye pèman yo oubyen dènye fichye pèman ane sivil la
 - Deklarasyon sou revni ki soti nan Biwo Sekirite Sosyal la (800-772-1213)
 - Lèt avantaj Sekirite Sosyal/SSI
 - Distribisyon Pansyon/Retrèt
 - Deklarasyon sou pwofi ak pèt travay endepandan
 - Kopi avantaj chomaj yo, si sa aplikab
 - Revni lokasyon, si pwopriyete a pa antre nan kalkil byen an
 - Verifikasyon revni alekri nan men yon patwon (si li peye an lajan kach)
 - Dokimantasyon sou asistans piblik
 - Kontra oswa konfimasyon alekri pou kontra travayè migran an
 - Y ap aksepte dokiman ekri ki soti nan Klinik Pòt Ouvèt (Open Door Clinic) la sou enfòmasyon finansye nan plas verifikasyon revni ki anwo a.
- **LEP/Tradiksyon:** Konpetans limite nan lang anglè a mande pou kopi tradui règleman yo, aplikasyon an, rezime an langaj senp ak aplikasyon an.
- **Sèvis Swen Sante ki Nesesè pou rezon Medikal:** Sèvis swen sante, ki gen ladan tès dyagnostik, sèvis prevantif, ak swen apre tretman, ki apwopriye pou dyagnostik oswa kondisyon pasyan an an tèm de kalite, kantite, frekans, nivo, anviwònman, ak dire. Swen medikaman nesèsè dwe: (A) dwe baze sou prèv medikal oswa syantifik jeneralman aksepte epi dwe konsistan avèk paramèt pratik jeneralman aksepte jan pwofesyon swen sante yo rekonèt nan menm espesyalite ki tipikman bay pwosedi a oswa tretman an, oswa dyagnostik oswa jere kondisyon medikal la; (B) dwe baze sou bezwen inik chak pasyan endividyèl ak chak sitiyasyon prezantasyon; epi (C) satisfè youn oswa plis nan kritè sa yo: (i) ede retabli oswa kenbe sante pasyan an; (ii) anpeche deteryorasyon oswa soulaje kondisyon pasyan an; oubyen (iii) anpeche yon pwoblèm sante parèt avèk yon chans rezonab oswa detekte yon pwoblèm ki fèk kòmanse.
- **Revni Brit Ajiste Modifye:** Revni brit ajiste modifye (MAGI) se revni brit ajiste yon moun (AGI) apre yo fin konsidere sèten dediksyon ak penalite taks ki otorize
- **Deklarasyon Pasyan an:** Rezime kont pasyan chak mwa a ki voye pa lapòs bay yon pasyan nan adrès lakay li ki endike a. Li endike montan pasyan an dwe pou sèvis swen pasyan ke UVMH ba li.
- **Kòd Tranzaksyon/Pèman:** Tranzaksyon inik ki itilize pou anrejistre rabè pasyan ki pa gen asirans lan ak ajisteman asistans finansye a
- **Pa gen asirans:** Pasyan an pa gen okenn asirans oswa asistans twazyèm pati pou ede l satisfè obligasyon pèman li yo.
- **Asirans ki pa ase:** Pasyan an gen yon sèten nivo asirans oswa asistans nan men yon twazyèm pati, men li toujou gen depans ki depase kapasite finansye li.
- **Patnè Lopital UVMH Vermont yo:** Gen ladan l Central Vermont Medical Center, Porter Medical Center, ak University of Vermont Medical Center.
- **Rezidans Vermont:** Yon moun, kèlkeswa sitwayènte li epi ki gen ladan imigran san papye, ki rete nan Vermont, anplwaye pa yon patwon Vermont pou bay sèvis pou anplwayè a nan Vermont, oswa ki ale lekòl nan Vermont, oswa yon

konbinezon de sa yo. Tèm nan gen ladan l yon moun k ap viv nan Vermont nan moman sèvis yo resevwa men ki pa gen yon lojman pèmanan ki estab

POLITIK KI LYE:

PAS35 Limitasyon sou Frè (AGB)
EXEC11 Demann pou Bay Sèvis Swen Sante pou Pasyan Etranje yo
RISK4 Depistaj Medikal ak Estabilizasyon
UVMH_CUST1 Kredi ak Koleksyon

REFERANS:

IRC § 501(r)(4):
IRC § 501(r)(5):
IRC § 501(r)(6):
26 C.F.R. § 1.36B-2
26 C.F.R. § 1.501(r)-5(b)(3)
18 V.S.A. § 9481(5)
H.287 (Act 119)
Tit 18 VT, Chapit 221, Sou-chapit 10:
Kòd Administrasyon VT 12-3-213:4373
§ 9481 Definisyon
§ 9482 Règleman asistans finansye pou gwo etablisman swen sante yo
§ 9483 Aplikasyon politik asistans finansye
§ 9484 Edikasyon ak enfòmasyon piblik
§ 9485 Entèdiksyon sou vant dèt medikal
§ 9486 Entèdiksyon pou renonse dwa
§ 9487 Aplikasyon

REVIZÈ:

Scott Comeau, CFO PMC/ECH
Kimberly Patnaude, CFO CVMC
Judy Peek-Lee, CFO UVMHC
Craig Chase, Vis Prezidan Sik Revni UVMH
Melissa Laurie, Vis Prezidan Kontwolè Kòporatif UVMH
Laura McNamara, Vis Prezidan Ofisye Chèf Konfòmite/Akò Politik Sou Enfòmasyon Prive UVMH
Gina Slobodzian, Direktè Sèvis Kliyan UVMH
Chris Cook, Direktè Sèvis Finansye Pasyan, PMC

PWOPRIYETÈ: Shannon Lonergan, AVP Aksè Pasyan

RESPONSAB KI POU APWOUVE A: Rick Vincent, Vis Prezidan Egzekitif pou Finans ak CFO UVMH

